

BAB III METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang dina ngayakeun panalungtikan. Ieu desain panalungtikan mangrupa acuan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Éusina ngeunaan léngkah-léngkah dina ngayakeun panalungtikan.

Panalungtikan tradisi seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda di Kecamatan Samarang, Kabupatén Garut maké panalungtikan kualitatif ngagunakeun pamarekan étnografi, sarta métode déskriptif.

Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ilaharna disebut panalungtikan naturalistik, lantaran ieu panalungtikan dilaksanakeun dina kondisi nu alamiah (*natural setting*). Meunang data sacara alami atawa natural. Kulantaran kitu, panalungtik kudu ngilu ilubiung dina panalungtikan sacara langsung di lapangan (Arikunto, 2013, kc.27).

Nurutkeun Bogdan jeung Taylor dina Moleong (2014, kc.4) yén métode kualitatif nyaéta panalungtikan nu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa data tinulis atawa lisan ti jalma anu ditalungtik. Ku kituna, data anu dikumpulkeun mangrupa kecap-kecap, gambar lain angka.

Pamarekan étnografi nyaéta panalungtik ngilu ilubiung sarta boga peran dina panalungtikan lapangan. Panalungtik leuwih kairut neuleuman hiji budaya, kusabab panalungtik mangrupa bagéan tina *pemeranan* jeung nyatet sosen-sosen data anu dihasilkeun tina ngamangpaatkeun catetan lapangan (Moleong, 2014, kc.26-27). Nurutkeun Moleong (2014, kc.237), runtuyan cara panalungtikan étnografi ngawengku tujuh hal, nya éta:


- a. Idéntifikasi budaya anu bakal ditalungtik;
- b. Idéntifikasi variabel budaya anu signifikan dina budaya anu ditalungtik;
- c. Ulikan pustaka;
- d. Miboga ijin pikeun ngayakeun panalungtikan;
- e. Mikawanoh sarta paham kana budaya;
- f. Néangan informan; jeung

- g. Ngumpulkeun sarta nganalisis data, ngadéskripsikeun budaya, sarta ngamekarkeun tiori.

Panalungtikan ngeunaan tradisi seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda Kecamatan Samarang, Kabupatén Garut ngagunakeun panalungtikan métode déskriptif. Nurutkeun Arikunto (2013, kc.3), kecap déskriptif asalna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajelaskeun hiji hal, misalna kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa hal séjén nu hasilna dijelaskeun dina wangun laporan panalungtikan

Desain panalungtikan nu dilaksanakeun aya sababaraha tahapan, saperti ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data jeung Tempat Panalungtikan

Nurutkeun Lofland jeung Lofland (dina Moleong, 2014, kc.157) sumber utama dina kualitatif nyaéta kekecapan jeung kalakuan, saterusna mangrupa data tambahan saperti dokumén, jrrd. Sumber data nu aya dina ieu panalungtikan nyaéta hasil wawancara jeung pupuhu ogé bagéan properti seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda, ogé skripsi anu ngeunaan penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda, tapi béda anu ditalungtikna.

Dumasar kana éta hal, data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- a. Kekecapan sarta paripolah informan nu diwawancara anu mangrupa sumber data utama. Sumber data utama ditulis, dirékam, atawa difoto. Data hasil panalungtikan mangrupa hasil kagiatan ningali, ngaregepkeun, jeung wawancara. Moleong (2014, kc.157-158) nétélakeun yén panalungtikan dilaksanakeun dina kaayaan sadar jeung puguh topikna, lantaran teu sakabéh informasi nu aya bakal ditalungtik, kudu luyu jeung rumusan masalah.
- b. Sumber atawa référénsi tinulis anu kaasup kana katégori ilmiah, misalna buku, tésis atawa disertasi, buku terbitan pamaréntah, jurnal ilmiah, sumber informasi di Lembaga Arsip Nasional, instansi pamaréntah anu biasana boga dokumén resmi, jrrd (Moleong, 2014, kc.159-160).
- c. Foto magrupa data panalungtikan anu biasana dipaké dina panalungtikan sangkan hasilna bisa dianalisis. Kiwari lantaran téknologi geus beuki maju, sumber data panalungtikan lain ukur foto, tapi bisa wangun rékaman sora atawa rékaman vidio. Nurutkeun Bogdan jeung Biklen (dina Moleong, 2014, kc.160) aya dua katégori foto nu bisa dimangpaatkeun dina panalungtikan, nyaéta foto hasil moto batur, jeung foto hasil moto panalungtik.
- d. Data statistik mangrupa sumber data tambahan pikeun panalungtikan sangkan data nu dipaké akurat. Data statistik bisa méré informasi ngeunaan komposisi masarakat tina wanda umur, *gender*, agama, pakasaban, kahirupan sosial jeung ékonomi, jrrd (Moleong, 2014, kc.162-163).

3.2.1 Informan

Informan nyaéta jelema anu méré informasi ngeunaan situasi jeung kondisi panalungtikan, anu loba pangaweruhna dina hal anu rék ditalungtik tur sadia pikeun diwawancara.

Tabél 3.1 Data Informan


No.	Wasta	Umur	Alamat	Atikan	Pakasaban	Kalungguhan
1	H.Engkun Maskun (alm.)	81	Kp. Pasar Kalér, RT 02/ RW 06, Désa Samarang, Kecamatan Samarang.	SR	Pensiunan	Pupuhu penca silat oray paguron Sinar Raksa Muda generasi ka 2.
2	Agus Rahmat S.Pd,	44	Jl. Baros, Kp. Ciguna, Désa Sinarsari, Kecamatan Samarang.	S1	PNS	Pupuhu penca silat oray paguron Sinar Raksa Muda generasi ka 3.
3	Atép Kurnia	36	Kp. Pasar Kalér, RT 02/ RW 06, Désa Samarang, Kecamatan Samarang.	SMA	Wirausaha	Bagian properti dina penca silat oray Sinar Raksa Muda.
4	Suhendar	43	Kp. Pasar Kalér, RT 02/ RW 06,	SMP	Wirausaha	Bagian properti dina penca silat oray Sinar

			Désa Samarang, Kecamatan Samarang.			Raksa Muda.
--	--	--	---	--	--	-------------

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Lokasi anu dipaké pikeun panalungtikan perenahna téh aya di Désa Samarang, Kecamatan Samarang, Kabupatén Garut. Kecamatan Samarang anu legana 3.568,7 Ha. Jumlah pendudukna 79.245 urang, nyaéta awéwé 39.242 urang, lalaki 40.000 urang. Wates désa Samarang sacara geografis, nyaéta:

- Belah kalér, watesna Kecamatan Tarogong Kalér.
- Belah wétan, watesna Kecamatan Tarogong Kidul.
- Belah kidul, watesna Kecamatan Pasirwangi jeung Kecamatan Bayongbong.
- Belah kulon, watesna Kecamatan Ibum, Kabupatén Bandung.



Gambar 3.1 Peta Kecamatan Samarang

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta (a) catetan lapangan, (b) padoman wawancara, jeung (c) alat rékam.

a. Catetan Lapangan

Nurutkeun Bogdan jeung Bilken (dina Moleong, 2014, kc.209) catetan lapangan nyaéta catetan tinulis ngeunaan naon anu kadangu, katingali, kaalaman jeung kapikiran dina raraga ngumpulkeun data jeung réfléksi kana data dina panalungtikan kualitataif.

Kaca mimiti dina catetan lapangan eusina nyaéta judul informasi, waktu (tanggal jeung jam) panalungtikan, waktu nyieun catetan lapangan, tempat panalungtikan, panalungtik, jeung idéntitas informan. Hasil panalungtikan di lapangan dicatet pikeun dijadikeun sumber data dina panalungtikan penca silat oray Kecamatan Samarang, Kabupatén Garut.

<p>Catetan Lapangan: No. 5</p> <p><i>Pengamatan/Wawancara: L/A</i></p> <p>Waktu: tanggal-bulan-taun, jam</p> <p>Tempat:</p> <p>Subjék Panalungtikan: Kalungguhan, Wasta</p> <p>(deskriptif)</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>(réfléktif)</p> <p>Sawangan panalungtik</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
--

Gambar 3.2 Catetan lapangan panalungtikan

b. Padoman Wawancara

Pedoman wawancara nyaéta runtuyan pananya nu bakal ditanyakeun ka narasumber ngeunaan objék nu ditalungtik, narasumber atawa informan nu diwawancara kudu ditulis idéntitasna. Informan dipilih dumasar *purvosive* atawa aya tinimbangan husus. Di antarana miboga kalungguhan husus di paguron Sinar Raksa Muda sarta sadia méré informasi nu dibutuhkeun pikeun panalungtikan. Téhnik wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik wawancara informal jeung wawancara ngeunaan riwayat sacara lisan. Patalékan anu dipidangkeun ngeunaan asal-usul, prak-prakan, jeung sawangan kana parobahan dina tradisi seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda.

Tabél 3.2 Kisi-kisi pikeun Wawancara

No.	Aspék	Subaspék	Patalékan Dina Nomer
(1)	(2)	(3)	(4)
1	Sajarah sarta asal-usul tradisi seni penca silat oray.	1) Asal-usulna tradisi seni penca silat oray. 2) Kamekaran tradisi seni penca silat oray. 3) Awal maké oray dina tradisi seni penca silat. 4) Alesan ngagunakeun oray pikeun properti dina tradisi seni penca silat oray.	1 2 3 4
2	Prak-prakan tradisi seni penca silat oray.	5) Latihan seni penca silat oray. 6) Cara ngala oray anu rék dipaké dina tradisi seni penca silat oray. 7) Ngaleupaskeun oray ka alam dina tradisi seni penca oray. 8) Anu ilubiung dina mintonkeun tradisi seni	5, 6, 7 8, 9, 10, 11, 12, 13,14 15, 16 17, 18

(1)	(2)	(3)	(4)
		penca silat oray. 9) Waditra anu dipaké dina tradisi seni penca silat oray. 10) Pakéan jeung properti anu dipaké dina tradisi seni penca silat oray. 11) Acara anu mintonkeun tradisi seni penca silat oray. 12) Kalungguhan ritual saméméh mintonkeun tradisi seni penca silat oray. 13) Prak-prakan lumangsungna pintonan tradisi seni penca silat oray.	19, 20 21, 22, 23, 24, 25 26 27 28, 29, 30
3	Sawangan kana parobahan dina tradisi seni penca silat oray.	14) Pangaruh kamajuan jaman kana tradisi seni penca silat oray. 15) Pangaruh pangaweruh anu beuki lega kana tradisi seni penca silat oray. 16) Cara nurunkeun tradisi seni penca silat oray ti jaman bihari nepi ka jaman kiwari.	31, 33 32 34,35

Format laporan wawancara nya éta ieu di handap.

1. Idéntitas informan

Wasta :

Umur :

Alamat :

Atikan :

Pakasaban :

Kalungguhan :

Resmi Putri Utami, 2015

TRADISI SENI PENCA SILAT ORAY DI PAGURON SINAR RAKSA MUDA KECAMATAN SAMARANG,
KABUPATEN GARUT

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2. Pertanyaan ngeunaan asal-usul, prak-prakan, jeung sawangan kana parobahan dina tradisi seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda.
 - 1) Kumaha asal-usul tradisi seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda?
 - 2) Kumaha kamekaran tradisi seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda ieu?
 - 3) Ti iraha oray dipaké dina seni penca silat?
 - 4) Naon alesanna ngagunakeun oray pikeun properti dina tradisi seni penca silat oray?
 - 5) Iraha dilaksanakeun latihan seni penca silat oray?
 - 6) Di mana dilaksanakeun latihan seni penca silat oray?
 - 7) Kumaha prak-prakan latihan seni penca silat oray?
 - 8) Iraha ngala oray dilaksanakeun?
 - 9) Di mana tempat ngala orayna?
 - 10) Jenis oray naon anu dipaké dina tradisi seni penca silat oray?
 - 11) Kumaha kadar peurah oray anu dipaké dina seni péncak silat oray?
 - 12) Aya ritual naon dina prak-prakan ngala oray?
 - 13) Kumaha cara ngala oray?
 - 14) Téhnik naon anu dipaké pikeun ngala oray?
 - 15) Kumaha tata cara ngaleupaskeun deui oray ka alam?
 - 16) Naha oray anu dipaké dina tradisi seni penca silat oray kudu dileupaskeun deui ka alam?
 - 17) Saha waé anu ilubiung dina mintonkeun tradisi seni penca silat oray?
 - 18) Naon waé pancén pikeun anu ilubiung dina eta pintonan tradisi seni penca silat oray?
 - 19) Waditra naon waé anu dipaké dina tradisi seni penca silat oray?
 - 20) Naha maké waditra anu aya dina tradisi seni penca silat oray?
 - 21) Naon sababna properti anu dipaké pikeun tradisi seni penca silat oray?
 - 22) Naha properti éta anu digunakeun dina tradisi seni penca silat oray?
 - 23) Kumaha lamun propertina diganti ku properti anu sejen?
 - 24) Kumaha pakéan anu dipaké dina tradisi seni penca silat oray?
 - 25) Naha maké pakéan éta dina tradisi seni penca silat oray?

- 26) Dina acara naon biasana tradisi seni penca silat oray minton?
- 27) Kumaha ritual saméméh mintonkeun tradisi seni penca oray?
- 28) Kumaha prak-prakan pintonan tradisi seni penca silat oray?
- 29) Kumaha cara supaya anu menca téh teu dipacok ku oray?
- 30) Saumpana aya anu menca dipacok waktu minton, kumaha cara ngubaranna?
- 31) Kumaha pangaruh kamajuan jaman kiwari kana tradisi seni penca silat oray?
- 32) Kumaha pangaruh legana pangaweruh kana tradisi penca silat oray?
- 33) Kumaha sawanganna ngeunaan parobahan jaman anu mangaruhan kana tradisi penca silat oray?
- 34) Kumaha cara nurunkeun élmu seni penca silat oray ti jaman bihari nepi ka jaman kiwari?
- 35) Naon sababna cara nurunkeun élmu seni penca silat oray ngalaman parobahan ti jaman bihari nepi ka jaman kiwari?

c. Alat Rékam

Alat rékam nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kaméra *digital* pikeun moto jeung vidéo, sarta *handphone* pikeun ngarékam sora, moto jeung vidéo.

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa alat bantu anu dipilih sarta dipaké ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data supaya kagiatan jadi sistematis sarta leuwih gampang panalungtik meunangkeun data (Arikunto, 2013, kc.265). Ieu panalungtikan maké téhnik studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

Téhnik studi pustaka nyaéta néangan sumber informasi tinulis nu kaasup wanda ilmiah, sumber nu dipaké mangrupa buku, dokumén, jurnal, jrrd. Data nu geus aya tuluy dikaji pikeun néangan informasi, tiori, sarta solusi pikeun masalah panalungtikan. Studi pustaka jadi léngkah mimiti pikeun néangan informasi yén Sinar Raksa Muda pernah ditalungtik atawa acan. Tina studi pustaka panalungtik

meunang informasi yén penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda kungsi ditalungtik pikeun skripsi.

Dituluykeun kana téhnik obsérvasi. Obsérvasi nyaéta kagiatan museurkeun panitén kana hiji objék, cara ngumpulkeun data sacara langsung atawa nyata dumasar kana data anu aya. Dina ieu panalungtikan, obsérvasi anu digunakeun nyaéta obsérvasi *participant*. Nu dimaksud ku obsérvasi *participant* nyaéta panalungtik kalibet sarta ngilu dina kagiatan anu ditalungtik. Panalungtik kungsi ngilu latihan nepi ka mintonkeun pencak silat oray, sarta ngilu dina aleut-aleutan penca silat oray.

Esteberg nétélakeun (dina Sugiyono, 2009, kc. 72) yén wawancara mangrupa kagiatan komunikasi antara dua jalma atawa leuwih pikeun néangan informasi jeung ide ngaliwatan kagiatan tanya jawab nepi ka kapanggih hiji ma'na tina hiji topik. Dina téhnik wawancara ieu panalungtik kudu nyiapkeun patalékan anu bakal ditepikeun ka narasumber atawa informan ngeunaan naon waé nu aya hubunganna jeung panalungtikan. Jawaban anu katarima ti narasumber atawa informan, jadi data panalungtikan pikeun panalungtik.

Dokuméntasi jadi panglengkep data anu sipatna dokumén, foto, gambar, jeung vidéo pikeun kalengkepan panalungtikan. Panalungtikan bisa leuwih dipercaya lamun dideudeul ku dokuméntasi.

Dumasar kana téhnik di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan tahap-tahap ieu di handap.

- 1) Maluruh informasi tinulis ngeunaan tradisi seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda.
- 2) Ngilu ilubiung dina kagiatan tradisi seni penca silat oray, ti mimiti ngala oray, latihan nepi ka mintonkeun tradisi seni pencak silat oray. Dina ilubiung éta panalungtik ngayakeun ogé obsérvasi.
- 3) Wawancara jeung informan anu bisa dipercaya informasina.
- 4) Kagiatan anu penting didokuméntasikeun ku panalungtik.
- 5) Panalungtik ngagunakeun ogé catetan lapangan.

3.4 Analisis Data

Nurutkeun Bogdan (dina Sugiono, 2009, kc.88) analisis data nyaéta prosés néangan sarta nyusun sacara sistematis hasil data wawancara, catetan lapangan, jeung bahan-bahan séjén, sangkan gampang dicangkem, sarta pamanggihna bisa diinformasikeun ka batur. Sanggeus data dikumpulkeun, tuluy diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap

- 1) Niténan data anu dikumpulkeun ngaliwatan studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi;
- 2) Nyieun transkrip rékaman;
- 3) Ngacék sasaran jeung bédana data-data anu geus kakumpulkeun, sarta nyieun papasingan data ngaliwatan obsérvasi, wawancara jeung dokuméntasi;
- 4) Nganalisis data;
- 5) Ngadéskripsikeun data;
- 6) Napsirkeun data, jeung;
- 7) Nyieun kacindekan.